# BASLAWÍSH KLASLARDA INKLYUZIV TÁLIM SISTEMASÍN ENGIZIW

**Usenbaeva Gozzal Azamat qízí**
**Izmuratova Aziza Berdimurat qízí**
Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı
Baslawısh tálim fakulteti 2v-kurs talabası

## ANNOTATSIYA

Bul maqalada baslawısh klass tálim sistemasında inklyuziv tálimnen paydalanıw haqqında aytıladı. Jáne de inklyuziv tálim sisteması baslawısh klaslar ushın úlken jańalıq ekenligi aytıladı.

**Gilt sózler:** Inklyuziv tàlim, baslawísh klass, kemshiligi bolǵan balalar, tàlim sistemasí, integratsiya.

Baslawısh tálim sistemasında jańalıqlardıń biri tálim sistemasına inklyuziv tálimniń engiziliwi bolıp tabıladı. Ózbekstannıń jańalanǵan konstitutsiyasında inklyuziv tálim sisteması haqqında aytıladı hám inklyuziv tálim sisteması mámleketimizde de engizildi. Inklyuziv tálim sisteması haqqında "Tálim haqqındağı" nızamnıń 20-statyasında da aytılıp ótiledi. Misali:Inklyuziv tálim bólek tálim mútajlikleri hám individual múmkinshiliklerdiń túrli-tumanlığın esapqa alǵan halda barlıq tálim alıwshılar ushın tálim shólkemlerinde tálim alıwǵa bolǵan teń múmkinshiliklerdi támiyinlewge qaratılǵan. Fizikalıq, intellektual, sensor (sezim) yamasa psixik kemshilikleri bolǵan balalar (shaxslar) ushın tálim shólkemlerinde inklyuziv tálim shólkemlestiriledi. Inklyuziv tálimdi shólkemlestiriw tártibi Ózbekstan Respublikası ministrler Mákemesi tárepinen belgilenedi.

Mámleketimizde inklyuziv tálim sisteması usı jıldan baslap engizildi.Janalanǵan konstitutsiyanıń statyasında inklyuziv tálim haqqında aytıladı. Inklyuziv tálim bul nagiranlığı bolǵan balalardı hámme oqıwshılar menen qosıp oqıtıw.Bul tálim sisteması aldınnan basqa mámleketlerde engizilip bolǵan edi.

Inklyuziv tálim termini fransuzcha "inclusive" sózinen kelip shıqqan bolıp, "oʻz ishine aladı" dep awdarma etiledi hám arnawlı mútajlikleri bolǵan hám shártli túrde saw, yaǵnıy densawlığı shegaralanbaǵan adamlardıń birgeliktegi tálimin ańlatadı. Inklyuziv tálimniń mazmun mánisi tuwrısındağı bilim hám maǵlıwmatlar ele jámiyette jetkilikli emes. "Inklyuziv" hám integratsiyalanǵan atamaları kóbinese birdey mániste isletiledi. Soǵan qaramastan filosofiyada bul túsinikler arasında parıq bar[1].

-Mayıp balanı ápiwayı jaǵdayǵa jaylastırıw integraciyaǵa qaray qoyılǵan birinshi qádem bolıp tabıladı.

-Integraciyalasqan tálim bul-dıqqat orayında balanıń áyne mektepke kelip ketiw mashqalası turǵan, arnawlı mútajlikli balanıń mektepke qatnas procesi bolıp tabıladı. Integraciyalasqan tálimde balaǵa mashqala retinde qaraladı.

Inklyuziv tálim bólek járdemge mútáj balalardı normal rawajlanıw daǵı balalar menen teń haqılılıq tiykarında tálim tárbiya alıwların támiyinleydi. Sol sebepli de áhmiyetli bolıp tabıladı. Inklyuziv tálim alıw procesi bir-birine uqsamaytuǵın, intellektuallıq, fizikalıq hám intellektual ayrıqshalıqlarǵa iye bolǵan adamlar arnawlı bilimge mútáj bolmaǵan qatarlasları menen birgelikte zárúr bilim hám kónlikpelerdi alatuǵın tárizde shólkemlestiriledi [2]. Inklyuziy tálim-bólek mútajlikli balalar menen saw balalar ushın teń tálim alıw múmkinshiligin jaratadı. UNICEF inklyuziv tálimdi Ózbekstan tálim sistemasına kirgiziw máseleleri menen shuǵıllanadı. Inklyuziv tálim wazıypası balalardıń qábiletleri hám jaǵdayına qaramastan, olardıń barlıǵına sapalı tálim usınıw. Usınıń menen birge, inklyuzivlik principi múmkinshilikleri sheklengen balalar unamlı psixik jáne social rawajlanıwdı ıyelewleri ushın shańaraqta jasawları hám óz qatarlasları menen birge ápiwayı mektepte bilim alıwları kerekligin názerde tutadı. Inklyuziv tálim sisteması mayıplar arabasındaǵı bala jaqın átirapda jaylasqan mektepte tálim alıwı, ózlestiriwde qiynalıp atırǵan bolsa, oqıw hám jazıwǵa úyreniw ushın arnawlı járdem alıwı sabaqlarǵa qatnamay qoyǵan balaǵa bolsa mektepke qaytıw ushın tiyisli járdem kórsetiliwin kepillikleydi.

BMSH Bas Assambliyasınıń 72-sessiyasında 2017-jıl sentyabr ayında Prezidentimiz tàrepinen ilgeri sùrilgen pikir “Jaslar huquqları haqqında”ǵı xalıq aralıq Kònvensiya joybarı islep shıǵıldı. “Jaslar huquqları bul eń aldı menen birinshi orında , olardıń tınısh hàm salamat jasaw hàmde bilim alıwǵa bolǵan huquqları esaplanadı. Ònip-òsip kiyatırǵan jas àwladımızdıń barkamal bolıp kamalǵa jetiwi , sıpatlı hàm quramalı tàlim alıwın tàmiyinlew biz ushın har dayım ùstem wazıypa esaplanadı. Òzbekstan Respublikası prezidenti 2019-jılı 29-apreldegi 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw kònsepsiyasın tastıyıqlaw haqqında”ǵı PF-5712 sanlı parmanına muwapıq Òzbekstanda inklyuziv tàlimdi rawajlandırıw haqqında qarar qabıl qılındı. Inklyuziv tàlim – inklyuziv tàlim degenimiz màmleket sıyasatı bolıp, nagiran bala hàmde deni saw bolǵan balalar ortasındaǵı tosiqlardı alıp taslaw, arnawlı tàlimge mùtaj balalar, (ayırım sebeplerge kòre nagiran bolǵan) òspirimler rawajlanıwında ushıraytuǵın nuqsanlar yaki social òmirge maslastırıwǵa jòneltirilgen ulıwma tàlim sisteması esaplanadı. Inklyuziv tàlimde harqanday nagiranlıǵı bar bolǵan bala òzine jaqın bolǵan mekteplerge barıp, teńlesleri menen birge tàlim alıwı mùmkin. Bunda bala sabaq procesinde oqıwǵa, jazıwǵa qıynalsa muǵallim yaki dosları jardeminde ùyrene aladı.Inklyuziv tàlimniń jàne de jaqsı tarepi bunda bala sırtqı ortalıqqa tez ùyrenedi

,hàm teńlesleri menen sawbetlese aladı. Teńlesleride olarǵa sabaq tayarlawǵa járdemlesedi. Nagiranlıǵı bolǵan balalar sırtqı ortalıqqa shıqsa ózleriniń kemshiliginde umıtıp dos tabıwǵa erisedi. Mektepte oqıp júrgen balalarda kemshiligi bolǵan balalardı kórse, olarǵa basqasha kóz benen qaramaydı hám olardıń kewlin alıp dos bola baslaydı. Bul sistemanı engiziw júdá quramalı, ásirese baslawısh klass oqıtıwshıları ushın.Sebebi kishkene balalar jańa háriplerdi úyrenedi. Kishkene balalarǵa bul háriplerdi úyretiw muǵallimlerge qıyınshılıq tuwtıradi. Bunday kemshiligi bolǵan balardıń hámmesin bir klasqa jıynap sabaq ótilse nátiyjeli boladı. Sebebi,oqıtıwshınıń jalǵız ózine klasta kemshiligi bolǵan balalarǵa hám basqa balalarǵa sabaq ótiw qıyınshılıq tuwdıradı dep oylayman.Olarǵa sabaq ótiw tema túsindiriw kóp waqıt aladı.Sonıń ushın da, olardıń hámmesine bir klass ashıw kerek. Inklyuziv tálim sistemasın engiziw bul mámleketimiz ushın úlken jańalıq bolıp tabıladı. Ózbekstandaǵı inklyuziv tálim izertlewshisi, jańa Zelandiyadaǵı vaykato universiteti doktoranti Galina Nam, mayıplıǵı bolǵan balalar ushın arnawlı mektep-internatlarda yamasa úyde emes, ulıwma tálim mákemelerinde tálim alıw ústin turatuǵın bolıwı kerekligin aytqan „Bul barlıq mámleket qánigelestirilgen tálim mákemeleriniń bir waqıtta jabılıwın ańlatpaydi, lekin balalardıń bul sıyaqlı mákanlarda hám úyde oqıwına tek ǵana bólek jaǵdaylarda razılıq beriwimiz zárúr. Tálim shólkemin tańlaw huqıqı balalardıń ózinde hám olardıń ata-anasında nızamlı wákillerinde qalıwı kerek“, dep aytıp otedi Galina Nam

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR: (REFERENCES)**

1.X. N. Muzaffarova, D. Tangirova „Inklyuziv ta’lim“. library.samdukf.uz. Qaraldi: 10-noyabr 2022-yil.

2.Musurmonova, O.. Umumiy pedagogika. Yoshlar nashriyot uyi, 8-oktabr 2020-yil — 48-49 bet. ISBN 978-9943-6679-0-7. 10-noyabr 2022-yilda qaraldi.